



APÈL DÒF

Aplikasyon pou Sipèvize Kontriksyon Fòs Septik  
Sit Titanyen Pòtoprens

[Dat Limit: 30 Desanm 2019]

## I. Entwodiksyon

Objektif apel d'òf sa, se pou chwazi yon konsiltan ki pral ede nou nan kad amelyorasyon sistèm tretman dechè SOIL, kise yon pati nan sèvis sanitasyon ke SOIL opere a. Rezilta ki dwe atenn nan se sipèvizyon ak konstriksyon yon fòs septik pou tretman dlo sal sou sit tretman dechè SOIL Pòtopwens. SOIL vle angaje yon konsiltan ki gen eksperyans pwouve nan konstriksyon bon kalite fòs septik.

## II. Prezantasyon SOIL

SOIL vle montre ke li posib pou bay yon sèvis sanitasyon ki jere an sekirite nan yon fason ki abòdab epi dirab, menm nan kominote ibèn yo ki gen plis difikilte ekonomik ak anviwonmantal. SOIL te kreye an Ayiti an 2006, pou reponn ak bezwen ki idantifye pa kominote yo: ogmante aksè ak sanitasyon, amelyore sekirite alimantè, kreye djòb, amelyore lasante nan kominote yo. Modèl biznis sosyal SOIL la itilize sak rele "sanitasyon ekolojik" pou reponn a tout bezwen sa yo: yon pwosesis ekolojik ap transfòme yon pwoblèm sante piblik nan yon solisyon anviwonmantal. Sèvis sanitasyon konplè SOIL la se youn nan sèl solisyon sanitasyon ki jere an sekirite dapre ODD 6 lan an Ayiti. Sèvis la gen 2 pati ladann: EkoLakay, ki se sèvis twalèt andedan lakay moun yo, epi Konpostaj, pou tretman dechè yo.

SOIL se yon ONG ki anrejistre an Ayiti, epi li tou anrejistre Ozetazini kòm yon "non-profit 501c3 charity". Nou fè tout sa nou kapab pou nou travay ak entegrite, onètete e transparans nan tout operasyon nou yo.

## III. Prezantasyon sèvis SOIL

Pou yon frè masyèl, sèvis twalèt lakay SOIL la, ki rele EkoLakay, bay yon akse twalèt ak jesyon dechè pou anviwon 1000 fanmi nan kominote ibèn Ayiti yo. Gen kèk Antrepriz ak Òganizasyon ki lwe twalèt tou pou modalite kontra diferans ke kliyan EkoLakay. Twalèt sa yo rele EkoMobil. Tout dechè ki soti nan twalèt yo transpòte an sekirite nan yon sit tretman dechè, kote yo trete epi transfòme nan yon konpòs ki respekte nòm Òganizasyon Mondyal Lasante yo. Konpòs SOIL la, ki rele Konpòs Lakay, itilize pou sipòte agrikilti ak reforestasyon an Ayiti. SOIL ap fè rechèch tou, ak plizyè enstitisyon patnè, pou evalye enpak konpostaj la sou chanjman klimatik la an konparezon ak lòt metòd tretman dechè tradisyonèl yo. SOIL gen de (2) depatman: Nò (*Okap*) ak Lwès (*Kwadèboukè*) e chak vil sa yo gen yon sit tretman dechè.

## IV. Deskripsyon Travay la

Sit tretman dechè Lwès la nan *Kwadèboukè*, *Wout 9 anfas Pak Olenpik*. Se la nou transpòte tout dechè ki soti nan twalèt EkoLakay ak EkoMobil ki nan Lwès, trete yo e transfòme yo an konpòs òganik pou vann. Sit sa bezwen yon fòs septik pou trete dlo sal yo (*dlo benyen, dlo lavaj rad ak bokit*).

Pou konstwi yon fòs septik ki fonksyone e respekte nòm, li mande yon konpetans patikilye. Se poutèt sa nou lanse yon apèl d'òf. Nou bezwen jwenn yon Enjenyè byen kalifye e konpetan ki kapab entèprete plan an (*Anèks*) e konstwi fòs septik la pou li mache; kote dlo kontamine a antre epi soti nan yon eta ki pa gen okenn enpak negatif sou anviwonman ofinal.

## V. Travay pou Remèt

Fòk ou remèt:

- Okòmansman: Bidjè ki nesèsè, kap nan plan detaye sou etap ki pral pase yo, pou konstriksyon fòs septik la reyalize.
- Pandan travay yo ap dewoule: Yon rapò regilye (*chak semèn*) sou avansman travay la.
- Alafen: Yon fòs septik, dapre plan e ki byen fonksyone ak yon dokiman itilizasyon e mentnans.

## VI. Pwen Espesifik nan Pwopozisyon

Nap kenbe konfidansyèl tout pwopozisyon ke nap resevwa; yo pap pibliye a pèsòn andeyò de SOIL, menm lòt moun ki ta patisipe nan seleksyon founisè yo. SOIL gen tout dwa pou kenbe pwopozisyon li resevwa e itilize ide ak enfòmasyon yonn nan yo, kit kandida bon ou pa.

Pou senplifye fason nou pral evalye pwopozisyon yo, gen senk (5) pwen prensipal kap pèmèt nou fè evalyasyon rapid. Tout repons yo dwe klè e kout. Chak pwopozisyon dwe rete valab omwens katrevendi (90) jou a pati dat limit pou soumèt la. Jwenn anba pwen sa yo:

- Kalifikasyon Pwofesyonèl

Ekri non legal ou konplè ak adrès ou epi tou di si w se Konsiltan Endepandan oubyen ou atache ak yon Fim. Li enpòtan pou nou konnen konbyen tan depi wap travay nan domèn ou a oubyen Fim nan genyen epi bay tip sèvis ou ofri ak tout detay ki pwouve kalite travay yo. Si w ap gen lòt pwofesyonèl avè w, bay non, konpetans ak wòl li / yo pral jwe nan travay sa.

- Konstriksyon Fòs reyalize deja

Founi yon lis de eksperyans ou genyen nan konstriksyon fòs septik. Dekri yonn ladan yo: ki inovasyon ou te pote? Ki defi ou te jwenn? Kijan w te simonte yo? E ki rezilta ak enpak ou te jwenn?

- Plan Travay Pwopoze

Founi yon deskripsyon detaye de kijan w pral pwosede pou remèt travay yo. Eksplike metòd planifikasyon w, tan travay la pral pran, kontrent ou ka jwenn e kijan wap adrese yo, epi konbyen moun ou bezwen pou reyalize li ak wòl yo pral jwe.

- Referans Kliyan

Founi omwens 2 kliyan (Biznis/Òganizasyon) ke w te konstui yon fòs septik pou yo. Mete tout enfòmasyon ki ka pèmèt nou verifye travay ou yo: non kontak la, Konpayi a, imel ak telefòn, epi ki travay biznis/òganizasyon yo fè ak non pwojè ou te travay yo.

- Bidjè

Li enpòtan anpil pou soumèt, anndan Plan Travay Pwopoze a, yon bidjè byen detaye de tout materyèl ki ap nesèsè pou konstriksyon sa reyalize, pri yo ak mendèv, elatriye.

## VII. Kontak


Tout pwopozisyon yo dwe soumèt, avan 30 Desanm 2019, pa imel a Beverly Pierre, Manadjè Senyò Pòtoprens nan SOIL, [bpierre@oursoil.org](mailto:bpierre@oursoil.org). Tout kesyon ki konsène apèl d'òf sa dwe adrese nan menm imel la avan 19 Desanm 2019, a 2zè nan aprèmidi e nap jwenn repons 24 Desanm 2019 pou pi ta.

**NB:** SOIL gen tout dwa pou li chwazi founisè a selon bezwen li e rezilta lap tann olye ke se sèlman sou pri oubyen lòt faktè.


## VIII. Anèks

Jwenn anba detay plan fòs septik la:

### Anèks A



## Anèks B



**Vue en Coupe**